2. Cakepan lagu *Suwe ora Jamu* kreasimu mau tulisen nganggo aksara Jawa!
3. Gawe kreasi cakepan (syair) lagu *Turi Putih* kang isi parikan, nuli tembangna kanthi becik!
4. Cakepan lagu *Turi Putih* kreasimu mau tulisen nganggo aksara Jawa!
5. Gawe parikan bebas manut kreasimu!

Tuladha

1. Suwe Ora Jamu

(*Cakepan : Pak Jarno*)

Suwe ora jamu, jamu godhong lembong.
Ayo dha bersatu, nindakake gotong royong.

Suwe ora jamu, jamu godhong kecubung.
Ayo dha bersatu, nindakake gugur gunung

Suwe ora jamu, jamu pisan godhonge mbayung.
Ayo dha bersatu, nyambut gawe lung-tinulung

Suwe ora jamu, jamu pisan godhonge klengkeng.

Ayo dha bersatu, nyambut gawe dieyeng-eyeng

Suwe ora jamu, jamu pisan godhong mlandhingan.
Ayo dha bersatu, nyambut gawe bebarengan.

2. Kembang-kembang terong
Mbang terong megare sore
Ayo gotong royong
Gotong royong nyambut gawe

Kembang-kembang lembong
Mbang lembong dironce-roce
Ayo gotong royong
Guyup rukun kabeh wargane

3. Suket ganggeng urip ing kali
Suket teki ditandur ing sawah
Datan langgeng urip ing donya iki
Mring sesami aja sawiyah-wiyah.

(*Djaka Lodhang No. 36, 6 Pebruari 2010*)

D. Kegiatan Pembelajaran

1. Pertemuan Pertama

Kegiatan		Deskripsi Kegiatan	Alokasi Waktu
Pendahuluan		1) Salam, Berdoa dan Presensi. 2) Guru menyiapkan peserta didik secara psikis dan fisik untuk mengikuti proses pembelajaran. 3) Guru memberi motivasi belajar siswa secara kontekstual sesuai manfaat dan aplikasi materi ajar dalam kehidupan sehari-hari. 4) Guru menyampaikan tujuan pembelajaran dan kompetensi dasar yang akan dicapai. 5) Guru menyampaikan cakupan materi dan uraian kegiatan sesuai silabus.	10 menit
Kegiatan Inti	Mengamati	Mencermati contoh parikan yang tersedia beserta purwakanthi dan amanat	60 Menit
	Menanya	Menanyakan tentang ciri parikan dan wujud parikan	
	Mengasosiasi	Melakukan diskusi untuk mencari pesan moral dalam parikan	
	Eksperimen/ eksplorasi	Siswa mencari/ menemukan parikan, ciri-ciri dan pesan moral parikan yang ada dalam tembang	

	Mengkomunikasikan	Mempresentasikan hasil karya kepada teman di kelas	
Penutup		Guru memberi reward (penghargaan) kepada kelompok yang memiliki kinerja baik. Peserta didik dan guru menyimpulkan hasil kegiatan pembelajaran. Pemberian tugas membuat Parikan . Menutup kegiatan dengan salam	10 menit

2. Pertemuan Kedua

Kegiatan		Deskripsi Kegiatan	Alokasi Waktu
Pendahuluan		1) Salam, Berdoa dan Presensi. 2) Guru menyiapkan peserta didik secara psikis dan fisik untuk mengikuti proses pembelajaran. 3) Guru memberi motivasi belajar siswa secara kontekstual sesuai manfaat dan aplikasi materi ajar dalam kehidupan sehari-hari. 4) Guru menyampaikan tujuan pembelajaran dan kompetensi dasar yang akan dicapai. 5) Guru menyampaikan cakupan materi dan uraian kegiatan sesuai silabus.	10 menit
Kegiatan Inti	Mengamati	Siswa mengamati contoh Parikan yang tersaji	60 Menit
	Menanya	Siswa bertanya tentang : 1) Menemukan parikan 2) Melengkapi parikan 3) Isi didaktik parikan 4) Cara membuat parikan	
	Mengasosiasi	Siswa mendiskusikan tentang : 1. Parikan dalam teks dialog 2. Sampiran dan isi parikan 3. Makna didaktik parikan 4. Cara membuat parikan	
	Eksperimen/eksplorasi	Siswa praktek membuat parikan	
	Membuat Jejaring	Siswa menyampaikan hasil pekerjaannya di depan kelas secara bergantian, kemudian menyusun kesimpulan.	
Penutup		Peserta didik dan guru mereview hasil kegiatan pembelajaran. Guru memberi reward (penghargaan)	10 menit

		kepada kelompok yang memiliki kinerja baik.	
--	--	---	--

D. Penilaian

1. Penilaian Sikap

Sesuai dengan kegiatan pembelajaran yang dilakukan, sikap yang sesuai untuk dinilai adalah santun, teliti dan tanggungjawab.

No	Nama Siswa	Santun				Teliti				Tanggung jawab			
		4	3	2	1	4	3	2	1	4	3	2	1
1													
2													
....													
dst													

Keterangan :

1 : kurang 2 : cukup 3 : baik 4 : sangat baik

2. Penilaian Pengetahuan

Menjawab pertanyaan tentang parikan

Skor penilaian: 100

Penilaian :

$$\frac{\text{Skor yang diperoleh}}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

Patuk, 20 Agustus 2016

Mengetahui,
Guru Pembimbing

Dra. As Sartini, M.Pd.
NIP. 196604211992032007

Mahasiswa

Intan Agus Puspita Rini
NIM. 13205241009

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Sekolah : SMP N 1 Patuk
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : VIII/1

A. Standar Kompetensi :

Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata

B. Kompetensi Dasar :

3.1. Memahami berbagai fungsi teks lisan sesuai dengan unggah-ungguh Jawa,

C. Alokasi Waktu : 2 x 2 x 40 menit (2 Pertemuan)

D. Tujuan Pembelajaran

Setelah Kegiatan Pembelajaran diharapkan siswa dapat :

1. Menjelaskan pemakaian ragam bahasa Jawa dengan tepat.
2. Menjelaskan fungsi unggah-ungguh Jawa dengan tepat.
3. Menggunakan unggah-ungguh untuk meminta perhatian di lingkungan tinggal maupun di sekolah dengan tepat.
4. Menggunakan unggah-ungguh dalam memberikan pujian kepada orang lain.
5. Menggunakan unggah-ungguh meminta izin untuk suatu keperluan di lingkungan tinggal maupun di sekolah dengan tepat.
6. Menggunakan unggah-ungguh dalam meminta izin untuk suatu keperluan di lingkungan tinggal maupun di sekolah dengan tepat.
7. Menggunakan unggah-ungguh untuk meminta maaf dengan tepat.

❖ Karakter siswa yang diharapkan :

Mengapresiasi, menginternalisasikan dan mengaktualisasikan nilai-nilai luhur dalam hal : Rendah hati, pengendalian diri, welas asih, kesopan-santunan, kerjasama dan toleransi.

E. Materi Pembelajaran

Ungah-ungguh dalam kehidupan untuk meminta perhatian, memuji, meminta izin dengan bahasa yang benar

Materi Pertemuan 1

Unggah-ungguh kanggo Njaluk Kawigaten.

Wektune wulangan basa Jawa ing kelas wolu, keprungu swara lawang dithothok. Bu Ita kang lagi ngasta ing kelas nuli noleh asale swara. Katon ing kono Bagas karo Riko. Bocah loro iku nyuwun idin arep menehi wara-wara ing kelas wolu C.

Bagas : “Nuwun sewu Bu, keparenga kula nyuwun ijin badhe paring wara-wara dhateng kanca-kanca kelas wolu C.

Bu Ita : “Oh iya mas. Mangga”
“Bocah-bocah padha digatekake iki kancamu arep paring wara-wara”.

Riko : “Sugeng siyang kanca-kanca. Kepareng kula nyuwun kawigatosanipun sekedhap dhumateng sedaya pengurus OSIS ing kelas wolu C bilih samangke saksampun pasinaon paripurna kasuwun kempal wonten ruang OSIS saperlu ngrembag kegiatan kangge mapag dinten kamardikan RI ingkang kaping 71. Makaten wara-wara saking kula awit kawigatosanipun kula ngaturaken matur nuwun”

Sakwise rampung anggone menehake wara-wara Bagas lan Riko banjur ngaturake panuwun marang bu Ita guru kang ngasta ing kelas wolu C. Bocah loro iku nyuwun pamit kanthi sopan.

Katrangan :

Kanggo njaluk kawigaten bisa migunakake tetembungan “nyuwun kawigatosanipun, gatekna, ayo digatekake!”

Unggah-ungguh kanggo aweh Pangalembana / ngalem (Memuji)

Pangalembana marang kanca, sedulur lan sapa wae mujudake srana kanggo aweh panjurung utawa panyengkuyung (motivasi, spirit) tumrap pawongan kasebut supaya tansaya mepeng anggone sinau, gladhen lan kupiya apa wae kanggo nggayuh pepingine. Sakliyane iku kanthi pangalembana awake dhewe duwe rasa peduli marang liyan (peduli/ simpati/empati) Mula ora ana alane menawa awake dhewe gelem aweh pangalembana marang wong liya.

Ukara kanggo aweh pangalembana upamane :

1. Wah, tas mu apik banget!
2. Tulisanmu rapi banget!
3. Tuladha ing wacan :

Lomba Geguritan

Ana sangarepe kaca lemari, Ratri tansah umak-umik. Kadhang kala siraha melu gelagelo. Tangane loro melu obah. Kaya wong kang nuduhake. Bu Wasita pirsane polah Ratri, mesem.

Bu Wasito : “Ratri, taksawang kawit mau, kowe kok katon umak-umik ing kaca lemari, lagi ngapa? Kok ya nganggo mic barang”.

Ratri : “Bu, kula menika nembe latihan maos geguritan, awit minggu ngajeng ing sekolah menika dipunwontenaken lomba geguritan. Lan kula kepengin sanget tumut lomba menika”.

Bu Wasita : “Ratri, yen ibu priksani anggonmu maca geguritan iku mau wis apik, nanging prayogane anggonmu gladhen luwih mumpeng”.

Ratri : “Inggih, Bu nanging kula menika taksih radi kangelan aggenipun badhe milih-milih tembung ingkang trep tur inggih leres, Bu”.

Bu Wasita : “Wis aja sumelang, bapakmu iku wiwit biyen tekan saiki isih pinter gawe geguritan”.

Ratri : “Menawi mekaten, dhawah kaleresan Bu. Mangke kula badhe nyuwun dipun gladhi kalihan bapak”.

Bu Wasita : “Iya kena wae kowe nyuwun digladhi bapakmu. Nanging luwih becik yen kowe sinau lan nyoba luwih dhisik. Dadi yen mengko bapakmu kondur, mung kari mbenerake lan nambah aperlune wae”.

Ratri : “Kasinggihan Bu, ancas kula panci mekaten, mugi-mugi kemawon bapak enggal kondur saking jakarta nggih, Bu”.

Bu Wasito : “Iya ratri, aku lan kowe kudu tansah ndedonga muga-muga bapakmu tansah pinaringan keslametan”.

Ratri : “Inggih, Bu”.

Piwulang budi pekerti:

1. Pangalembana mujudake srana kanggo aweh panjurung marang wong liya.
2. Yen kowe kepengin bisa kudu wani sinau lan latihan
3. Ora kena umuk yen dialem dening wong liya malah kepara sregep anggone latihan
4. Kudu ngajeni asiling karya wong liya
5. Ora kena nyacad apa kang wis ditindakake wong liya

Materi Pertemuan 2

Unggah-unggah Njaluk Idin Palilah/ Meminta Ijin

Nalika awake dhewe arep ninggalake omah, arep nindakake samubarang apa wae utawa arep lelungan becike nganggo idin palilaha wong tuwa kalebu bapak utawa ibu guru ing sekolah semono uga nalika lagi bebarengan karo kanca. Kanggo njaluk idin palilah marang kanca bisa nganggo basa ngoko dene menawa njaluk idin palilah wong tuwa kalebu bapak ibu guru prayoga migunakake basa krama kang trep.

Tuladha ukara kanggo njaluk idin palilah :

1. Bud, aku pamit bali dhisik ya?
2. Pak, menawi kepareng kula badhe dhateng griya sakit tuwe kanca kula ingkang nembe sakit!
3. Bu, menawi kepareng kula badhe dhateng wingking!
4. Tuladha ing wacana :

Nyuwun idin Dhateng Wingking

Pak Prasetyo lagi nerangake bocah-bocah babagan tata krama. Bocah-bocah padha nggatekake kanthi premati. Wis sawetara Wigdati krasa kepengin nguyuh. Sawise ora tahan maneh, Widati ngadeg banjur ngacungake tangan. Widati ngadeg banjur mlaku alon-alon nyedhaki Pak Prasetyo. Tangan ngapurancang, awak rada mbungkuk, matur alon nanging cetha.

Widati : “Nuwun sewu, Pak. Kula nyuwun idin badhe dhateng Kolah.”

Pak Prasetyo : “Ya kana (Sajroning Widati menyang kolah, Pak Prasetyo nerusake anggone ngendikan).

Pak Prasetyo : “Ya kaya mangkono iku patrape menawa arep nyuwun idin nuduhake rasa urmat marang wong sing disuwuni idin. Mlaku, lungguh, omong, iku kabeh kudu nganggo tata krama (ora let suwe Widati mlebu maneh banjur matur marang Pak Prasetyo.

Widati : “Sampun, Pak matur nuwun”

Pak Prasetyo : “iya padha-padha (Pak Prasetyo karo manthuk-manthuk)

(Widati alon-alon minger banjur lungguh ing papane. Pak Prasetyo nerusaken pangandikane.)

Pak Prasetyo : “Bocah-bocah, patrape Widati mau iku becik, dadi sadurunge lan sawise nindakake perlune kudu matur, oralali ngaturake panuwun marang sing maringi idin. Bocah-bocah kudu kulina matur terus terang, yen Kepengin menyang kolah aja diampet mundhak lara

Wetenge. Bocah-bocah banjur mangerti yen patrape lan ature Widati iku becik, pantes diconto. Sebab iku minangkatuladha tata kramane yan arep nyuwun idin.

Piwulang budi pekerti:

1. Bocah-bocah kudu kulina matur terus terang marang sapa wae
2. Sadurunge lan yen wis rampung perlune kudu matur lan ngaturake panuwun
3. Tata krama sing becik bisa gawe tentreming pikir sing nyawang lan sing nglakoni
4. Yen arep matur karo guru migunakake basa krama sing becik lan patrap sing apik
5. Nggatekake kabeh sing dingendikakake guru

Unggah-ungguh Njaluk Pangapura

Nalika awake dhewe nindakake kesalahan marang sapa wae becike enggal ngakoni kaluputan lan age-age njaluk pangapura. Ngakoni kesalahan iku kalebu tumindak kang utama lan sinatriya.

Ukara kanggo njaluk pangapura upamane :

1. Apuranen aku ya...
2. Sing gedhe pangapuramu ya Mas!
3. Bu kula lepat, kula nyuwun pangapunten!
4. Inggang ageng ing pangaksama menawi kathah lepat kula!

Tuladha ukara kanggo njaluk pangapura nalika bahalal/ ujung ing dina riyaya :

Kepareng matur dhumateng bapak saha ibu sekaliyan, ingkang sepisan kula ngaturaken Sugeng Riyadi dhumateng panjenengan sekaliyan. Inggang kaping kalih kula ngaturaken pangabekti kula dhumateng bapak saha ibu sekaliyan, Inggang kaping tiga kula ngrumaosi bilih kathah sikap saha patrap ingkang boten ngremenaken kepara damel sakit manahipun bapak saha ibu, pramila wonten ing wekdal ingkang suci punika kula nyuwun lumunturing sih pangaksami saking bapak saha ibu sekaliyan. Ing saklajengipun keparenga kula nyuwun tambahing donga mugi-mugi saged kasembadan menapa ingkang dados gegayuhan kula. Cekap semanten atur kula mbok bilih wonten klentuning atur kula nyuwun pangapunten.

F. Metode Pembelajaran

Pertemuan 1 dengan Diskusi kelompok, Permodelan, Tanya Jawab, Penugasan.

Pertemuan 2 dengan diskusi kelompok Permodelan, Tanya Jawab, Penugasan.

G. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran

Pertemuan 1

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan slide materi

2. Kegiatan Inti (50 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian unggah-ungguh Jawa.
- ◆ Fungsi unggah-ungguh meminta perhatian dan memuji.
- ◆ Penggunaan unggah-ungguh Jawa untuk meminta perhatian dan memuji.

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menyimak teks tentang unggah-ungguh dalam meminta perhatian dan memuji.
- ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan apa-apa yang diamati.
- ◆ Membagi peran sesuai teks percakapan.
- ◆ Memperagakan wacana percakapan bersama kelompok.

▪ Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan

- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 2

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan slide materi.

2. Kegiatan Inti (50 menit)

- **Eksplorasi**

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian unggah-ungguh meminta ijin dan meminta maaf.
- ◆ Fungsi unggah-ungguh meminta ijin dan meminta maaf
- ◆ Penggunaan unggah-ungguh meminta ijin dan meminta maaf.

- **Elaborasi**

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menyimak teks percakapan tentang unggah-ungguh meminta ijin dan meminta maaf.
- ◆ Berbagi peran sesuai teks percakapan/naskah.
- ◆ Memperagakan teks percakapan bersama kelompoknya

- **Konfirmasi**

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan

- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

H. Sumber Belajar

LKS Handayani

Bahasa Jawa

Internet

Majalah Mekarsari

Wewarah Basa Jawa oleh Suwarna.

I. Penilaian

Penilaian dilaksanakan selama proses dan setelah pembelajaran

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menjelaskan pemakaian ragam bahasa Jawa dengan tepat. 2. Menjelaskan fungsi unggah-ungguh Jawa dengan tepat. 3. Menggunakan unggah-ungguh untuk meminta perhatian di lingkungan tinggal maupun di sekolah dengan tepat. 4. Menggunakan unggah-ungguh dalam memberikan pujian kepada orang lain. 5. Menggunakan unggah-ungguh meminta izin untuk suatu keperluan di lingkungan tinggal maupun di sekolah dengan tepat.	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Terangna sapa wae kang lumrahe migunakake basa krama iku? 2. Geneya bocah kudu nganggo basa krama menawa matur marang wong tuwa? 3. Kepriye unggah-ungguhe nalika sliramu njaluk kawigaten arep macakake kabar lelayu? 4. Kepriye anggonmu aweh pangalembana nalika kancamu dadi juwara kelas? 5. Kepriye unggah-ungguhe nalika sliramu arep ijin menyang kulah? 6. Kepriye unggah-ungguhe nalika sliramu njaluk pangapura marang wong tuwa?

6. Menggunakan unggah-ungguh untuk meminta maaf dengan tepat.			
---	--	--	--

Patuk, 18 Juli 2016

Mengetahui,
Guru Pembimbing



Dra. As Sartini, M.Pd.
NIP. 196604211992032007

Mahasiswa



Intan Agus Puspita Rini
NIM. 13205241009

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Sekolah : SMP N 1 Patuk
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : VIII/1

A. Standar Kompetensi :

Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata

B. Kompetensi Dasar :

3.2. Memahami strategi membaca berita berbahasa Jawa

C. Alokasi Waktu : 2 x 2 x 40 menit (2 Pertemuan)

D. Tujuan Pembelajaran

Setelah Kegiatan Pembelajaran diharapkan siswa dapat :

1. Menjelaskan tata cara membaca berita berbahasa Jawa.
2. Menjelaskan teks berita yang baik untuk diberitakan.
3. Menjelaskan relevansi tayangan/ teks yang diamati dengan kehidupan disekitarnya.

❖ Karakter siswa yang diharapkan :

Mengapresiasi, menginternalisasikan dan mengaktualisasikan nilai-nilai luhur dalam hal :kesantunan, percaya diri, semangat, kreatif, kerjasama.

E. Materi Pembelajaran

Pertemuan Pertama:

Pangertosan pawarta

Pawarta yaiku cathetan kadadeyan utawa prastawa kang diwedharake ing sajroning tulisan ing media cetak, utawa laporan ing media elektronik. Kadadeyan utawa prastawa kang diwedharake iku awujud kadadeyan saben wektu sing ana ing ndonya iki, umpamane: lindhu (gempa bumi), perang, banjir, lan liya-liyane.

Pawarta minangka prastawa kang diwartakake. Pawarta iku bisa arupa lesan lan tulisan.

- Lesan ateges pawarta iku bisa diwartakake dening wong liya kanggo pamiyarsa lumantar swara. Lesan biasane digiyarake lumantar radio, TV utawa diwaca lugas.
- Tulisan pawarta iku lumrahe kapacak ana ing kalawarti.

Wondene unsur-unsur ana pawarta pada karo unsur sing ana ing berita yaiku nggamblangna babagan.

- **Apa** = Kedadean apa sing bakal dicawisake.
- **Sapa** = Sapa sing ngalami kedadean kasebut.
- **Kapan** = Kapan kedadean kasebut dumadi.
- **Kepriye** = Kepriye kedadean kui bisa dumadi.
- **Nengndi** = Ana papan nengndi kedadean kui dumadi.
- **Kena apa** = Merga apa kedadean kasebut dumadi.

Perangan kan nemtokake bobot biji pawarta yaiku:

1. Aktualitas
2. Sesambungan karo papan kedadeyan
3. Sesambungan karo unsur-unsur kang ketut ing sakjrone kedadeyan
4. Sesambungan karo pegaweyan pamaca/ pamiyarsa.
5. Ganepe pawarta.

Kang perlu digatekake nalika ngrungokake pawarta utawa informasi yaiku:

- a. Mangerteni kanthi cetha prakara kang disampekkake.
- b. Mbedakake informasi kang penting lan ora penting.

Nyathet informasi sing bener lan premathi.

Pertemuan Kedua:

Teks Berita berbahasa Jawa /Video berita berbahasa Jawa

Tuladha Pawarta basa Jawa

Rungokna anggone kancamu maca pawarta ing ngisor iki!

Merga Narkoba, Wong 41 Tiwas Saben Dina

Bebayane narkoba, saya ngincim bangsa Indonesia. Saka asile panaliten kang katindakake dening Badan Narkotika Nasional bebarengan karo Universitas Indonesia nyebutake, wong 41 tiwas dinane utawa wong 15 ewu tiwas saben taun merga *ngonsumsi* narkoba. Kang mrihatinake, ewasemono cacahing *pengguna* ora saya suda nanging malah saya ndadra. Data ing Direktorat Narkotika lan Psikotropika Bareskrim Mabes Polri nuduhake, ing tahun 2000 – 2003 cacahé *pengguna* watara wong 5 ewu setaun. Nanging ing semester kapindho taun iki cacahé ndrebala dadi wong 16 ewu.

Direktorat Narkotika lan Psikotropika Brigjen Indradi Tanos nambahake, cacahé dhuwit sing diblanjakake kanggo tuku narkoba uga mundhak akeh. Taun 2005 cacahé dhuwit sing dienggo tuku narkoba ditapsir Rp. 8 trilyun. Nanging ing taun 2006 iki gunggungé mundhak dadi Rp. 11,3 trilyun . Kanggo mbrastha narkoba mau polisi mbudidaya tumindak persuasif. Pangajabe *pengguna* mau gelem tobat lan ninggalake pakulinan anggone ngonsumsi narkoba.

Sumber :Kalawarti Panyebar Semangat

F. Metode Pembelajaran

Diskusi, praktek, penugasan

G. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran

1. Kegiatan Pendahuluan 5 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan video/ gambar berkaitan dengan pembacaan berita berbahasa jawa.

2. Kegiatan Inti (8 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian berita berbahasa Jawa
- ◆ Cara menyampaikan informasi dari berita berbahasa Jawa

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok tentang:

- ◆ Menyimak tata cara penyampaian teks berita berbahasa Jawa.
- ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan apa-apa yang diamati.
- ◆ Menemukan isi/ informasi dari berita berbahasa Jawa.
- ◆ Mempresentasikan hasil diskusi bersama kelompok.

▪ **Konfirmasi**

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberika tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (2 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

H. Sumber Belajar

- Sumber
LKS basa jawa “Handayani”
Bausastra Jawa
Internet
- Media
Papan tulis, alat tulis, naskah pawarta, LCD

I. Penilaian

1. Kisi-kisi penilaian selama proses dan setelah pembelajaran

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menjelaskan isi teks berita. 2. Menjelaskan makna kata dari teks berita 3. Menjelaskan informasi dari teks berita. 4. Menjelaskan refleksi terhadap isi teks berita. 5. Mengemukakan pendapat terkait dengan teks berita.	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Pengguna narkoba ora suda malah tansaya ndadra kira-kira apa wae kang nyebabake bab mau? 2. Kanggo mbrastha narkoba polisi mbudidaya tumindak persuasif, apa tegese? 3. Apa polisi wae sing nduweni tugas mbrastha narkoba? Sebutna pawadane! 4. Akehe dhuwit kang diblanjakake kanggo tuku narkoba nganti 11,3 trilyun rupiah kepriye miturut pamawasmu? 5. Sebutna cara-carane supaya para remaja, pelajar lan mahaPeserta didik bisa ngedohi narkoba!

2. Pedoman Penilaian

Soal nomer 1 sampai nomor 5 skor masing-masing skor maksimal 5

Jumlah skoor ideal 25

$$\text{NILAI AKHIR} = \frac{\text{Jumlah perolehan skor}}{\text{Jumlah skoor ideal}} \times 100$$

2. Rubrik pengamatan diskusi kelompok

Nama siswa (kelompok)	Aspek dan Skor												Jumlah skor	Nilai
	Keaktifan				Kerjasama				kesungguhan					
	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4		

Skor : 4 = sangat baik
 3 = Baik
 2 = Cukup
 1 = kurang

 Patuk, 01 Agustus 2016

Mengetahui,
 Guru Pembimbing

Dra. As Sartini, M.Pd.
 NIP. 196604211992032007

Mahasiswa

Intan Agus Puspita Rini
 NIM. 13205241009

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

(RPP 1)

Nama Sekolah	: SMP N 1 Patuk
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Kelas/Semester	: IX / 1
Pertemuan ke	: 2 x 2 x 40 menit (2 x Pertemuan)

A. Standar Kompetensi

Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata

B. Kompetensi dasar

3.1. Memahami teks untuk , menyatakan berbagai maksud dan tujuan dalam masyarakat sesuai dengan unggah-ungguh Jawa.

C. Indikator

1. Menjelaskan pengertian unggah-ungguh basa dan tata karma berbicara kepada orang lain.
2. Memahami berbagai teks lisan untuk berbagai keperluan dalam masyarakat.
3. Menggunakan basa ngoko dan karma dalam berbagai keperluan.
4. Menyusun kalimat untuk atur-atur suatu keperluan di rumah
5. Menyusun kalimat yang menyatakan setuju/tidak setuju. Menyusun kalimat yang menyatakan harapan/doa.
6. Menyusun kalimat yang menyatakan ikut berbahagia maupun berbelasungkawa.

D. Tujuan Pembelajaran

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu:

1. Menjelaskan pengertian unggah-ungguh dengan tepat.
2. Memahami penggunaan unggah-ungguh Jawa di sekolah
3. Memahami penggunaan unggah-ungguh Jawa di rumah
4. Menyusun kalimat sederhana dengan unggah-ungguh dengan tepat
5. Menggunakan basa ngoko dan krama
6. Menyusun kalimat sederhana menggunakan basa ngoko dan krama

E. Pendidikan Karakter: sopan santun, percaya diri, jujur

F. Materi Pelajaran

1. Pertemuan pertama

a. Unggah- ungguh wong atur-atur.

Wong atur-atur iku kudu migunakake basa sing becik lan bener manut unggah-ungguhe, solah bawa lan tata krama uga kudu becik. Kajaba saka iku manawa wis rampung anggone nindakake jejibahan kudu matur utawa caos palapuran marang sing ndhawuhi.

Pacelathon isi atur- atur iki paragakna !

- Salim : “Kula nuwun”.
- Pak imam : “eh, salim. Kok njanur gunung lim?”.
- Salim : “Inggih Pak.“. (sinambi salaman) Kepareng kula matur Bapak. Inggang sepisan sowan kula mriki tuwi kawilujenganipun Bapak. Dene kaping kalihipun kula dipunutus dening bapak kula, panjenengan dipunaturi rawuh wonten dalemipun mangke sonten bakda ashar saperlu wilujengan satus dinten sedanipun simbah kula”.
- Pak imam : “Iya nak, aturmu wis dak tampa, matura bapakmu, yen ora ana alangan sawiji apa aku dak sowan minangkani pamundhute, aturna uga salamku kagem panjenengane”.
- Salim : “Ingih Pak, matur nuwun. Salajengipun sarehning taksih kathah jebibahan inggang dereng rampung, kula nyuwun pamit. Menawi anggen kula matur wonten kalepatan , kula nyuwun pangapunten.” (sinambi salaman)
- Pak imam : “Iya lim, padha- padha”.

b. Nelakake rasa setuju lan ora setuju

Apa kowe tau ora setuju karo panemune wong liya? Kepriye carane mujudake rasa ora cocogmu iku, apa banjur nesu? Apa banjur ninggal lunga? Becike yen ora cocog karo panemune wong liya, anggonmu mujudake rasa ora setuju iku tetep nganggo tata krama kang becik, supaya wong mau ora serik lan lara ati, amarga panemune ora diajeni wong liya.

Pacelathon ing ngisor iki paragakna karo kancamu, kanthi lagu kang becik!

- Bambang : “Kanca-kanca, kowe kabeh wis krungu ngendikane pak Basuki mau awan ta?”
- Suryadi : “Iya, uwis. Apa bab sinau klompok?”
- Jatmika : “Bener, mumpung UN isih sawetara wektu, becike awake dhewe gawe kelompok belajar.”
- Andika : “Yen mangkono Bambang wae sing mbagi klompok, wong dheweke ketua kelas, rak ya apik ta?”
- Jatmika : “Nanging dhasare milih klompok apa? Apa sebab omahe cedhak?”
- Yunita : “Aku duwe panemu yen anggota klompok kudu ana sing pinter, dadi bisa marai kancane, lan cacah kudu ganjil, aja mung cedhak omahe. Lha yen panemune kanca liyane piye?”
- Purwani : “Wah, sakjane aku setuju nanging sing pinter omahe adoh-adoh kepriye? Apa ora adhedhasar omahe sing cedhak wae, supaya gampang anggone komunikasi? Sing pinter kudu gelem ngalah.”
- Andika : “Ngono ya apik, upamane ing klompok kuwi ana soal sing ora bisa dirampungake, bisa takon marang klompok liyane. Rak ya ngono ta?”
- Purwani : “Bisa uga matur marang guru, supaya kersa rawuh ing panggonan olehe sinau klompok. Piye? Rak cocog ta?”
- Bebarengan : “Ya, aku cocog.”

- Yunita : “Yen ngono Minggu ngarep sinau klompok enggal diwiwiti, mengko aku sing gawe ketikan jadwal lan anggota klompok, kowe kabeh dakwenehi yen wis dakfotokopi.”
- Suryadi : “Ya wis, apik kuwi lan muga-muga wae kanthi sinau kanthi klompok iki, biji UN besuk apik lan maremake.”
- Andika : “Amin. Ya muga-muga wae. Ayo saiki bali, sesuk rembuge dibacutake.”
- Bebarengan : “Ya, ayo.... Ayo.”

Kang kalebu ukara kang nelakake rasa sarujuk yaiku:

- ❖ Bener, mumpung UN isih sawetara wektu, becike awake dhewe gawe kelompok belajar.
- ❖ Ngono ya apik, upamane ing klompok kuwi ana soal sing ora bisa dirampungake, bisa takon marang klompok liyane. Rak ya ngono ta?
- ❖ Ya, aku cocog.
- ❖ Ya wis, apik kuwi lan muga-muga wae kanthi sinau kanthi klompok iki, biji UN besuk apik lan maremake.

c. Nelakake pengarep-arep / donga

Gatekna pacelathon ing ngisor iki!

- Pak Darmawan : “Le, sinaua sing sregep! Bapak mung bisa ndedonga *muga-muga* olehmu sinau lancar, besuk dadia wong pinter, tumindakmu utama, oleh pakaryan.”
- Tanto : “Inggih Pak, *mugi-mugi* makaten, mboten sanes ingkang putra nyuwun pangestu.”
- Pak Darmawan : “Kowe kepengin dadi apa?”
- Tanto : “Kula kepengin dados dhokter.”
- Pak Darmawan : “*Mbokiyaa* kelakon pepenginanmu, lan *muga-muga* Bapak bisa nragati.”
- Tanti : “*Amin*, nggih Pak. Mas Tanto dados dhokter. Kula sakit wonten ingkang ngobati.”
- Pak Darmawan : “Angger kangmasmu tansah dhisiplin, tertib lan tumemen rak iya kelakon. Ora lali tansah manembah marang Pangeran, iya ta Ndhuk? Semono uga kowe! Bisaa kaya kangmasmu kuwi.”
- Tanti : “Inggih Pak. *Mugi-mugi* kula saged nindakaken.”

Titikane ukara kang nelakake pangarep-arep yaiku nganggo tembung *muga-muga*, *mugi-mugi*, *mbokiyaa*, lan nganggo tembung *sambawa* (*tembung lingga* + *-a*, kang nduweni teges pangarep-arep)

2. Pertemuan kedua

10 Nelakake melu mangayubagya

Nalika pungkasane semester 1 ing SMP 1 Ngamarta dianakake lomba sesorah. Bocah-bocah padha umyeg anggone ngatonake kaprigelane ngentha-entha tembung lan ngrakit ukara ing adon-adon kasebut.

- Wisnu : “Wah, kok rada dheg-dhegan ya ngenteni pengumuman.”
- Barata : “Yen kowe mono mesthi menange, wong dhasar wasis tur ya wangun.”
- Pak Jaka : “Para siswa, sawise nimbang, ninthing asiling lomba sesorah, mula katetepake menawa kang unggul yaiku..... Wisnu Herlambang.”

- Barata : “Wah, hebat tenan, sidane kowe sing juara ta. Aku melu bungah lan mongkog dene kowe bisa menang ing lomba sesorah!”
 Anita : “*Selamat ya Nu, aku melu bungah kowe sing dadi juara.*”
 Wisnu : “Matur nuwun, kowe ya apik, mung kurang begja.”

Ukara kang nelakake rasa melu mangayubagya yaiku:

- Wah, hebat tenan, sidane kowe sing juara ta. Aku melu bungah lan ***mongkog*** dene kowe bisa menang ing lomba sesorah!
- Selamat ya Nu, aku melu bungah kowe sing dadi juara.

11 Nelakake melu belasungkawa

Sawijining dina keprungu kabar menawa simbahe Astuti seda. Kanca-kancane padha barengan takziah lan asung belasungkawa.

- Ambar : “Wis dha krungu kabar menawa simbahe Astuti seda?”
 Innayah : “Durung ki, gek gerah apa?”
 Wikan : “Gerah sepuh, wong yuswane wis 70 taun. Ayo padha bareng-bareng anggone takziah.”
 Innayah : “Ya ayo.”
 Ambar : “*Astuti, aku sakanca ngaturake ndherek belasungkawab ya. Muga-muga simbahmu khusnul khotimah.*”
 Astuti : “Ya, matur nuwun. Muga-muga aku sakulawarga kuwat lan eklas nampa pacoban iki.”
 Bu Ani : “*Mbak, awake dhewe mung titah sawantah, saderma nglakoni. Kabeh wis ginaris ing astaNE Gusti Allah. Muga-muga Mbak Astuti enggal **berag** terus bisa mlebu sekolah kaya padatan.*”

G. Metode dan Pendekatan Pembelajaran

- Metode : Diskusi kelompok, Sosio drama,

- Demonstrasi
- Pendekatan CTL

H. Alat/Sarana dan Sumber Pembelajaran

- Alat/sarana : LCD Projector, CD Pembelajaran tentang tatakrama
- Sumber : Contoh teks percakapan dari berbagai sumber, Internet, Buku Referensi tentang unggah-ungguh basa Jawa, Media masa

I. Langkah-Langkah Kegiatan Belajar Mengajar :

1. Pendahuluan (10 menit)

- Apersepsi:
Memberi salam, menanyakan kabar siswa tentang kesehatan, siapa yang bangun kesiangan, terlambat sholat subuh, siapa yang tidak masuk, merapikan pakaian, rambut, apa saja yang dilakukan semalam (belajar atau hanya bermain, dan lain-lain)
- Motivasi
 - Siswa menyimak, mencermati tujuan pembelajaran yang disampaikan guru
 - Siswa mengamati tayangan video/ teks tentang percakapan dalam sebuah pertemuan.
 - Siswa mengamati tayangan tentang penerapan bahasa dalam berbagai keperluan dengan unggah-ungguh yang tepat
 - Siswa kemudian membuat catatan-catatan agar lebih memahami isi tayangan
 - Informasi **tujuan pembelajaran** yang ingin dicapai

2. Kegiatan Inti (5 menit)

a. Eksplorasi

Siswa menyimak dan mencermati kegiatan praktik yang dilakukan oleh teman dan guru di dalam kelas.

b. Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok

tentang : tentang materi unggah-ungguh

Pelaksanaan diskusi menggunakan pendekatan pembelajaran CTL

Langkah-langkah diskusi :

1) Langkah Awal

- a) Siswa dibagi kelompok kecil yang beranggotakan 2 orang
- b) Siswa dalam kelompok mendapatkan tugas untuk didiskusikan berkaitan dengan unggah-ungguh dalam praktik yang telah dilakukan.

2) Pelaksanaan diskusi

- a) Tiap kelompok menyusun pertanyaan dari hasil mengamati tentang:
 - (1) siapa saja yang berbicara
 - (2) Apa yang dibicarakan
 - (3) Bahasa apa yang digunakan
 - (4) Bagaimana unggah-ungguhnya
 - (5) Bagaimana Fungsi penerapan bahasa yang sesuai dengan unggah-ungguh
- b) Siswa menemukan jawaban dari pertanyaan tersebut serta membahas lebih mendalam tentang penerapan bahasa untuk keperluan dalam kehidupan mereka.
- c) Setiap kelompok membuat contoh percakapan yang berisi penerapan bahasa yang benar serta unggah-ungguh yang tepat untuk berbagai keperluan dalam kehidupan.(sesuai peran masing-masing)

c) Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- 1) Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- 2) Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.
- 3) Memberi kesempatan secara bergirilan pada tiap kelompok untuk mempresentasi kan hasil diskusi dan Kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi dan menilai
- 4) Guru memberikan klarifikasi untuk memantapkan pemahaman
- 5) Secara berkelompok Siswa menyampaikan hasil diskusinya dihadapan teman yang lain serta memperhatikan usulan dan penguatan dari guru untuk lebih memperjelas dalam pemahaman materi

3. Penutup (15 menit)

- a. Bersama-sama menyimpulkan materi pembelajaran
- b. Memberikan tugas terstruktur : membuat contoh percakapan yang berisi penerapan bahasa yang benar serta unggah-ungguh yang tepat
- c. Berdoa bersama
- d. Bersalaman dengan siswa pada jam terakhir

J. Penilaian

a. Penilaian sikap

Penilaian dilaksanakan selama proses dan setelah pembelajaran

Kisi-kisi dan instrument soal

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menjelaskan pengertian unggah-ungguh dengan tepat. 2. Memahami penggunaan unggah-ungguh Jawa di sekolah 3. Memahami penggunaan unggah-ungguh Jawa di rumah 4. Menyusun kalimat sederhana dengan unggah-ungguh dengan tepat. 5. Menggunakan basa ngoko dan krama 6. Menyusun kalimat sederhana menggunakan basa ngoko dan krama	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Terangna wernane unggah-ungguh Jawa! 2. Unggah-ungguh basa krama iku digunakake kanggo sapa? 3. Unggah-ungguh basa ngoko iku digunakake kanggo sapa? 4. Kepriye unggah-ungguhe nalika matur marang bapak lan ibumu? 5. Kepriye unggah-ungguhe nalika kowe wawan rembug karo sedulur nunggal saomah? 6. Gawea ukara kanthi migunakake unggah-ungguh kang trep? 7. Gawea ukara kanthi migunakake Basa krama kang trep! 8. Gaweya ukara nggunakake tembung nedha lan dhahar. 9. Gawea ukara kanthi migunakake Basa ngoko kang trep ! 10. Gawea ukrara kanthi ngetrapake basa ngoko lan basa krama kang trep!

Kunci jawaban : kasumanggakake guru

Skor nilai : Soal no: 1 s.d. 10 jika jawaban betul nilai = 10

NILAI: 10 X 10 = 100

Patuk, 01 Agustus 2016

Mengetahui,
Guru Pembimbing



Dra. As Sartini, M.Pd.
NIP. 196604211992032007

Mahasiswa



Intan Agus Puspita Rini
NIM. 13205241009

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Sekolah : SMP N 1 Patuk
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : IX/1

A. Standar Kompetensi :

Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.

B. Kompetensi Dasar :

3.2. Memahami tentang pranatacara (MC) dalam kegiatan sederhana

C. Alokasi Waktu : 2 x 2 x 40 menit (2 Pertemuan)

D. Tujuan Pembelajaran

Setelah Kegiatan Pembelajaran diharapkan siswa dapat :

8. Menjelaskan pemakaian ragam tugas pranatacara dalam bahasa Jawa dengan tepat.
9. Menjelaskan fungsi pranatacara dengan tepat.
10. Menjelaskan tentang tatacara menjadi pranatacara dengan tepat
11. Menggunakan prinsip pranatacara dalam kegiatan sederhana

❖ Karakter siswa yang diharapkan :

Mengapresiasi, menginternalisasikan dan mengaktualisasikan nilai-nilai luhur dalam hal : Rendah hati, pengendalian diri, welas asih, kesopan-santunan, kerjasama dan toleransi.

E. Materi Pembelajaran

1. Pertemuan pertama

Werdine Pranatacara

Pranatacara uga diarani *master of ceremony (MC)*, **pembawa acara, pambiwara, pranata adicara, pranata titi laksana, panata adicara, paniti laksana** utawa **pranata laksitaning adicara**. Pranatacara yaiku paraga kang duwe jebibahan nata lan nglantarake acara utawa adicara .

Cecawis Sanguning Pranatacara

Murih jebibahan bisa kasil kanthi becik, pranatacara lan pamedhar sabda kudu bisa ngrengkuh sarat sarana kang baku yaiku :

a. Swara

Swara pinangka srana babaraning basa kudu kaudi supaya ulem, kung, dekung, membat mentul, kepenak dirungokake. Kedaling swara (metune swara) : tuladha ngeja abjad Jawa.

tuladha : *rasa-rasane, utama-utamane, manis –manise, pendeng, rendheng, petel-pethel*, lsp. Lagu (wirama) : Nyakup sora-lirih, dawa -cendheking swara, membat mentul, rikat-rindhik, lan lak-luking swara.. Lagu kang becik tumrape basa Jawa dirani *dhekung*

b. Busana / Ageman

Ajining raga gumantung busana, mula babagan busana iku uga kudu digladhi murih jejibahan kang diemban bisa kaleksanan kanthi becik Pranatacara lan pamedhar sabda kudu bisa ngadi busana kang bener lan pener, murwat, laras karo kahanan utawa kaperluwane ana ing upacara , rapi, lan tumata panatane.

c. Subasita

Trapsila utawa tatakrama uga kudu kagladhi kang becik , amarga trapsila kang kurang becik bisa ngurangi kawibawan jejering pranatacara lan pamedhar sabda. Solah bawa aja digawe-gawe becik prasaja wae, anteng mantep nanging ora kaku. Owah-owahan pasemon uga kudu kaudi supaya kabeh mau bisa nggambarake isining ati, kang tundhone jumbuh karo swasana.

d. Basa lan sastra

Basa kang digunakake pranatacara lan pamedhar sabda diudi sing bener, pener, becik, endah, lan gampang ditampa utawa *komunikatif*. Basa kang becik yaiku basa kang trep panganggone. Supaya trep kudu ngeling:

- *Sapa sing guneman*
- *Sapa sing tumanggap wawan gunem/audiens*
- *Sapa /apa sing digunem*
- *Kepriye swasanane* (wektu, papan, kahanan)

Dene kawruh kasusastran tumrap kang kepengin nggayuh pranatacara lan pamedhar sabda kang gamben lan profesional nyakup: pepindhan, panyandra, wangsalan, parikan, tembang, purwakanthi Pewayangan, kawruh karawitan/gendhing-gendhing upacara manten, lsp.

2. Pertemuan Kedua

Cengkorongan Baku Wicara Pranatacara

a. Pambuka

- Salam pambuka
- Sapa aruh marang tamu
- Muji syukur mring Pangeran

b. Maosake rantamaning adicara

c. Nyuwun gungan supaya tamu kersa njenengi adicara saka purwa, madya tumeka wasana

d. Ngaturake lan mandhegani adicara siji mbaka siji kanthi wijang

e. Panutup

- Nyuwun pangapura yen ana cewed lan luput anggone ngacarani (kalebu nyuwunake pangapura sing hamengku gati/ panitya)
- Nderekake ndedonga panutup

f. Salam panutup

F. Metode Pembelajaran

Pertemuan 1 dengan Diskusi kelompok, Permodelan, Tanya Jawab, Penugasan.

Pertemuan 2 dengan diskusi kelompok Permodelan, Tanya Jawab, Penugasan.

G. Langkah-langkah Kegiatan Pembelajaran

Pertemuan 1

4. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan slide materi

5. Kegiatan Inti (50 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian pranatacara.
- ◆ Penggunaan teks pranatacara dengan tepat.

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menyimak teks pranatacara dalam kegiatan sederhana.
- ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan apa-apa yang diamati.

▪ Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

6. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remedi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.

- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 2

4. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan slide materi.

5. Kegiatan Inti (50 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian pranatacara dengan tepat.
- ◆ Penggunaan unggah-ungguh meminta ijin dan meminta maaf.

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menyimak teks pranatacara yang telah disediakan oleh guru.
- ◆ Menganalisis teks pranatacara sesuai urutan dengan tepat.
- ◆ Memperagakan teks pranatacara.

▪ Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

6. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

H. Sumber Belajar

LKS Handayani

Bausastra Jawa

Internet

Majalah Mekarsari

Wewarah Basa Jawa oleh Suwarna.

I. Penilaian

Penilaian dilaksanakan selama proses dan setelah pembelajaran

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
7. Menjelaskan pengertian pranatacara	Tes Kinerja	Tes Tertulis	7. Apa iku pranatacara?
8. Menjelaskan hal-hal yang harus dilakukan oleh pranatacara			8. Apa ayahane pranatacara?
9. Menjelaskan struktur teks susunan pranatacara			9. Apa wae kang kudu ana ing sajroning teks pranatacara?
10. Menjelaskan tehnik membawakan sebuah acara			10. Kepiye anggone pranatacara nglantarake adicara?

Pedoman Penilaian

Soal nomer 1 sampai nomor 4 skor masing-masing skor maksimal 5

Jumlah skoor ideal 20

$$\text{NILAI AKHIR} = \frac{\text{Jumlah perolehan skor}}{\text{Jumlah skoor ideal}} \times 100$$

3. Rubrik pengamatan diskusi kelompok

Nama siswa (kelompok)	Aspek dan Skor												Jumlah skor	Nilai
	Keaktifan				Kerjasama				kesungguhan					
	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4		

Skor : 4 = sangat baik
 3 = Baik
 2 = Cukup
 1 = kurang

 Patuk, 18 Juli 2016

Mengetahui,
 Guru Pembimbing



Dra. As Sartini, M.Pd.
 NIP. 196604211992032007

Mahasiswa



Intan Agus Puspita Rini
 NIM. 13205241009

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Sekolah : SMP N 1 Patuk
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : IX/1

A. Standar Kompetensi :

Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.

B. Kompetensi Dasar :

2.2. menyusun teks pranatacara (MC) kegiatan sederhana

C. Alokasi Waktu : 2 x 2 x 40 menit (2 Pertemuan)

D. Tujuan Pembelajaran

Setelah Kegiatan Pembelajaran diharapkan siswa dapat :

12. Menjelaskan pemakaian ragam tugas pranatacara dalam bahasa Jawa dengan tepat.
13. Menjelaskan fungsi pranatacara dengan tepat.
14. Menjelaskan tentang tatacara menjadi pranatacara dengan tepat
15. Menggunakan prinsip pranatacara dalam kegiatan sederhana

❖ Karakter siswa yang diharapkan :

Mengapresiasi, menginternalisasikan dan mengaktualisasikan nilai-nilai luhur dalam hal : Rendah hati, pengendalian diri, welas asih, kesopan-santunan, kerjasama dan toleransi.

E. Materi Pembelajaran

Materi Pertemuan kedua dan ketiga

Praktik Pranatacara

Praktik utawa maca teks wicara pranatacara apadene praktik utawa maca teks sesorah, prayogane nggatekake konsep 4 W, yaiku :

1. Wicara

Wicarane sing las-lasan, cetha, wijang, upamane bisa mbedakake /t/ karo/th/ utawa /d/ karo /dh/ : tutuk – thuthuk, pada – padha, lsp.

2. Wirama

Senajan katone mung sesorah utawa dadi pranatacara nanging uga kudu nggatekake wirama sing metu saka lisan, ora mung mbluju, kaku , tanpa ana tekanan intonasi lan volume suwara. Prayugane diudi lan digladhi murih wiramamaning swara bisa becik, ora keseron utawa kelirihen, munggah, mudhun, langsaming swara uga digatekake.

3. Wiraga

Patrap, sikep nalika nindakake dadi pranatacara . Solah bawane wong dadi pranatacara iku kudu manteb lan teteg madhep marang pamriksa, aja tumungkul/ndhingkluk lan aja ndangak.

